

Men l'anlè a l'ap vini

*Men l'anlè a l'ap vini,
a short story in Haitian Creole
© 1997 by Emmanuel W. Védrine*

Jeneral la pran nan twa wa

*Li fè koudeta trant septanm
Pèp la di l'konsa: «wa kaka»
Zòt di misye li mèt rete
Pèp la di: «wa gentan konnen»*

*Vizit nan Zile Gouvènè
Konferans san souf, radotay
Lo-n-i, Lo-e-a, bobin!
Pèp la di: «jal, wa kite sòt»*

MEN L ANLÈ A, L AP VINI

Se chan sa a moun Ayiti ki swaf demokrasi ta renmen chante apre dènye koudeta sanglan ki te fèt nan Il Majik la. Yo pa t bezwen reliye pou chante l'apre koudeta a osilontan yo kwè nan espwa. Ti Ayisyen, pandan yo t ap grandi, te ka tandè moun ap chante l:

*Men l'anlè a, l'ap vini
Men l'anlè a, l'ap vini*

Men / anlè a, / ap vini

Men / anlè a, / ap vini

Timoun Il Majik yo pa t gen okenn ide si moun ta ka rive pèdi lavi yo yon jou jis pou chante kouplè sa a. Chan sa a toujou refere a retou Jezikri kòm pwofèt, mesi a, ak sovè k ap vin anlve moun ki kwè nan li, sa yo k ap soufri isiba. Moun reliye toujou chante l ak jès pandan y ap bat men, frape pye yo, gade syèl la, fè yon souke kò yo pou montre yon sans espwa ak kontantman.

Moun oprime yo pa t kapab kominike ak lòt nan lari imedyatman apre koudeta a paske jeneral an chèf lame a, Jeneral Fatra, pè pou yo pa t konpote pou ranvèse rejim militè li a rapidman si moun ap fòme gwooup nan lari Pòtoprens, kapital peyi a, ki tou wouj ak san. Nan ka sa a, li te nesesè pou li te gen kouvrefe chak swa pou kapab efreye popilasyon an otan l kapab.

Paske pèp la pa t ka kominike youn ak lòt pou te esprime santiman yo, yo ta sèlman chante oubyen fredone kouplè sa a pou voye mesaj opresif yo gen sou kòf lestromak yo a monte epi, montre «espwa» yo genyen. Espwa sa a ta retou sou pouvwa pwofèt yo a, prezidan Tikòk, yon moun yo konpare ak Jezikri nan plizyè aspè. Senbòl pati politik li a se yon kòk poul. Kòk toujou reveye moun pou di yo li jou. Sepandan, Jeneral Fatra fè anpil moun pèdi lavi yo jis pou chante chan sa a lè l te reyalize rezon poukisa yo t ap chante l. Lè yo te reyalize kòman l riske pou chante l, yo ta bat men

yo apre, frape pye yo epi gade syèl la paske yo pa t kapab di mo ki nan chan an. Menm Sentanj, yon jounalis radikal, ki te trè aktif anvan koudeta a, ta jis gade syèl la lè moun nan lari mande l pou l ta pibliye kèk atik nan jounal ebdomadè l la, Ayabonmbel! Pou rapòte tout krim ansanm ak moun lame a t ap pèsekite. Jis soti nan lari, montre kouman Sentanj te yon nonm ki brav. Non li pa senpman yon non kreyòl: «Sent» montre ke l se yon sen paske moun toujou di bon bagay de li. Bèl travay li kòm jounalis, montre ke l pa t yon opòtinis sou okenn rejim ni tou li pa t ap asepte pozisyon Minis Enfòmasyon sou rejim Jeneral Fatra a, pi move jeneral nan istwa peyi Ayiti. «Anj» montre ke l se yon zanj, pa sèlman apre koudeta a, men depi lè Bebi Dòk te sou pouvwa. Li se yon zanj paske l te toujou pre pou l pale pou pèp ki san vwa a, pèp ki oprime a epi pou anpil moun, yo wè li tankou yon moun ki vin sove yo pandan y ap nwaye.

«Sanpitye», youn nan gang lame a kreye, pa gen pitye pou pesonn ki ta gen ide chante *Men / anlè a / ap vini*. Jis di yon liy nan kouplè sa a, yo ta panse ou se manm kèk òganizasyon radikal, sipòtè Tikòk, yon moun ki te vote l, yon sipòtè pòv, yon moun ki kont lame a, yon ènmi Jeneral Fatra, ènmi zenglendo oubyen makout yo epi yon moun ki vle chanjman radikal Ayiti.

Gang Sanpitye a te kòmanse chèche Sentanj depi 2 oktòb 1991 jis 2 jou apre koudeta ki te ranvèse premye prezidan ki te eli demokratikman nan Il Majik la. Sentanj te sou «lis nwa» lame a imedyatman apre Dinasti Divalye a. Li te vin manm yon òganizasyon radikal ki t ap fonksyone

sekretman ki rele «Reveyenou». Objektif prensipal òganizasyon sa a se te pou kenbe pèp oprime a reveye e edike l politikman.

Chans pou Sentanj, li te apèn kite lakay li lè Sanpitye yo rive. Tout vwazen yo te ka tandé awotvwa vwa yo ki t ap mande pou Sentanj Delivrans.

«Sentanj! Sentanj! Kote w fout ye? Fout ouvè pòt la! Annavan gason vanyan!»

Pesonn pa t reponn. Yo kontinye ap frape nan pòt la jiskaske papa Sentanj, Dyenou, te vin ouvè l. Sentanj t ap retounen lakay li ap fimen yon siga lè youn nan vwazen yo te pale ak li an siy pou di l Sanpitye yo nan zòn lan ap chèche l. Rapidman, li chata kò l epi li al kache anba machin vwazen an pou kèk minit anvan l te kite zòn nan pou l te al kache yon lòt kote ki gen plis sekirite.

Kalvè l te kòmanse depi menm jou a. Gang lan te nan kay la toujou ap pale ak papa l, poze l kesyon sou pitit li a.

«Kote fout pitit ou a? Se pa jodiya n ap chèche Iwijanboje sa a k ap eseye destabilize Nouvo Gouvènman Demokratik la», youn ladan yo di.

«Mwen pa wè l depi 2 jou», Dyenou reponn nan yon vwa k ap tranble.

Gang nan kontinye poze kesyon konsènan patisipasyon I nan kanpay prezidansyèl Tikòk, pandanstan yo pwente yon *M-16* sou li. Li reponn tout kesyon yo poze I yo men, mesye yo panse se manti I t ap fè epi yo kòmanse vide baton sou li. Apre sa, yo tounen ak menm kesyon an:

«Kote fout pitit ou a? Fout di nou, tenten!» pandan yo t ap choute dèyè I ak kout bòt plen san. Youn ladan yo kase tèt li ak yon kokomakak. Dyenou pa t ka pale ankò. San t ap koule sou tout chemiz blan li an epi finalman, li di: «kouman m fè fout konnen!». Repons sa a te yon gout lwil sou flanm. Youn nan manm gang lan finalman tire I pou fini ak sa. Te gentan gen yon anbilans ki te rete twa blòk konsa. Chèf gang lan rale wòkitòki I nan senti I epi rele chofè anbilans lan pou vin pran kadav la ki te benyen ak san. Yo pase twazèdtan nan kay la, pa sèlman pou chèche lajan ak bijou men tou, pou tyeke dokiman ki apateni a Sentanj, dokiman ki ta ka gen sekèrè sou òganizasyon radikal ki rele «Reveyenou» an. Pandan yo t ap fouye yon mal ki tou pre yon kabann, se konsa madan Sentanj te anba kabann lan epi youn nan ganstè yo pile I.

«Tonnè! Yon moun anba kabann nan!»

Lòt manm gang lan ki te nan salon an travèse nan premye chanmakouche a kote yo tande vwa youn nan konpayèl yo.

«Se madam li ki kache la a», youn nan yo di.

Matyo, chèf la, rale yon kòd nan pòch li epi l mare de bra fi a dèyè do l pandan yon lòt mare je l ak yon mouchwa wouj li rale nan pòch dèyè l. Chèf la rale yon kanif nan pòch dèyè l, li dechire tout rad fi a epi l voye yo sou yon chèz ki te tou pre a. Yo di l pou pa fè okenn bri dekwa pou yo pa fè M-16 la pale ak li dirèkteman. Yo tout vyole malerèz la san yo pa itilize kapòt. Matyo te premye moun an liy. Apre l fin fè kadejak pa l, li mande nèf lòt mesye yo pou fòme yon liy pou fè kou pa yo. Li te tankou yon sèjan byen move k ap pase twoup li yo an revi. Apre chak fin fè kou pa yo, Matyo anlve mouchwa ki te bande je fi a; li gade manpzèl nan de gress je san rete epi l kòmanse moke l. Manpzèl tonbe kriye sou planche frèt la pandan san ak bave gri t ap koule sou tout janm li.

«Kouman w santi kounyeya? Mwen pa panse Sentanj janm fè yon bèl travay konsa pou fè kè w kontan. Ou pa menm remèsye nou. Ala bouzen engral»,

Matyo di sa ak yon vwa byen fò.

Lòt ganstè yo byen rilaks. Yo ouvè frijidè a; yo pran tout byè Heineken yo epi yo kòmanse bwè, fimen devan viktim nan. Kalo, yon lòt manm gang lan, kontinye ap moke fi a:

«Nou fè fèt isi a souvan. Nou rich. Pa gen dout nou te pamit elit ki t ap esplwate pèp la».

Matyo gen yon fason espesyal li kominike ak manm gang lan san ouvè bouch li. Li touse 2 fwa epi l grata bò figi dwat li pandan l t ap gade Kalo. Sa a menm pwoche imedyatman kote fi a epi l flanke l de sabò. Fi a woule atè a pandan l t ap krache san. Li kontinye ap moke l:

«Ou se yon bouzen espesyal, ou bay san nan dyòl lè ou gen règ».

Manpzèl te toutouni konplètman, fas anba atè a san l pa di yon mo. Men nan kè l, li ta prefere lanmò soulechan pou ka koupe soufrans ak imilyasyon an. Matyo pwoche kote l epi l di:

«Ou panse ou ka kraponnen nou! Nou se nèg entelijan. Kote fout mari w? N ap chèche salòp sa a lontan paske misye ap eseye destabilize Nouvo Gouvènman Demokratik la. Li se yon vrè chachèdkont nan peyi a. Lè w ap travay pou lapè, misye menm vle lagè. Li malentèprete pwovèb laten an: *Ci vis pacem, para bellum* (si w vle lapè, prepare lagè). Mwen doute misye te gen bèl nòt pou laten lè l te nan segondè. Lotrejou, nou tande l nan yon radyo vonvon ki rele Radyo Anrikiyo kote l t ap voye yon mesaj swedizan demokratik monte. Chèf lapolis la, kolonèl Fanfan, te envite l ansanm ak lòt demokrat pou yon reyinyon nan Katye Jeneral Lapolis sou Channmas la. Li pa janm met pye. Mwen pa konn poukisa demokrat sa yo pè parèt an

piblik. Sa vle di se pèp la y ap moke. Nou menm, manm Sanpitye, nou se vrè demokrat. Nou parèt an piblik kèlkeswa lè a».

Fi a pa t di yon mo. Matyo gade bandi yo epi l di: «Kisa nou vle fè ak li finalman?»

Kalo touye bout sigarèt la anba pye l epi l di:

«Avozòd, chef!».

Matyo di:

«Ann ba li yon chans; manpzèl pa frekan».

Anbilans lan te gentan retounen; li kanpe menm kote l te ye a. Matyo rale wòkitòki l epi l di chofè a:

«Ou ka pran yon dezèdtan kanpo, apre sa n ap bezwen w nan zòn Dèlma 28. Ou tande m?».

«Avozòd, chef!», chofè a reponn.

Gang lan kite kay la ak pòt devan an byen debraye. Yo antre nan venn san plak la epi yo plonje pou Dèlma 28 pou al dèyè yon lòt moun ki sou lis nwa

a. Fi a leve atè epi l al fèmen pòt la. Li retounen nan chanmakouche a pou al chèche lòt rad pou met sou li. Li kòmanse chante chan yo pa vle moun chante a nan yon vwa byen ba:

Men / anlè a, / ap vini

Li kite kay la imedyatman pou al kache, ak espwa l a rankontre Sentanj yon jou pou yo kontinye lit la.

(fen)

© E.W.Védrine